In association with

Gindikaayu Coronavirus (Covid19)

WOLOF

COVID-19 feebar bu bees la bu mëna lór xëtër ak nooyikaat yi. Doomu-jangoro buñuy woowee coronavirus moo koy joxé.

Ñépp a wara took seen kër ngir moytu kononawiris bi làw.

Bayyiwul kenn at ci nit at yépp la yemale – donte amul benn màndarga buy feeñ ci yaw wala ci sa wérgu-yaram.

Mbir yii rekk ñooy tax nga mëna génn ci sa kër:

- jënd mbir yu mënul ñàkk – soo ko soxlaa dëgg kese
- dem amal benn xeetu tàggat yaram c ibis bi – bokk na ci dàwi, doxantu wala dawal welo, yaw doŋg wala ak nit yi nga dëkkël
- ngir bépp soxla ci wàllum pàj – maanaam, ngir dem farmasi wala jox ay mbir yu mënul ñàkk nit yiko soxla
- ngir dem liggéeyi ak ñibi sa kër – waaye dafa wara doon kese sudee lii lu mënul ñàkk la

Sudee da am :

- tàngooru yaram bu jeggi dayo – nga yëg tangoor soo laalee sa den wala sa ginnaaw
- ab sëqët su bees buy wey – maanaam nga tambalee sëqët ay yoon yu bari

da nga wara took sa kër te topp gindikaayu bér-sa-bopp buñu jagleel kër yi ngir wàllum infection bu coronavirus.

Ndaje yu ëpp ñaari nit ci mbooloo – bokk na ci ndajeem diine yi (bamu dés dëj yi) – dañ leen di tere. Lu am solo la nga top gindikaay bii, mën nañ laa fayloo alamaan soo ko deful.

Pëliis bi, ñiy toppatoo wàllum way-tukki yi ak larmé bi mën nañu def liggéey bu am solo dif exe ba ñu sàmmoonteek dogal yuñu jël ci wàllum wergu-yaramu mbooloo mi, akit dif exe ba ñu joxe lekk ak yi mënul ñàkk nit ñi feebar bi gëna gaawa yomba wàll.

Coronavirus bi tax na ba, twaréeefu yëgle niki luy mëna tax ñu bàyyi la soo fayee xaalis ajandi nañ ko ab diir. Da nga jot ab bataaxalu SMS buy joxe ay leeral ci bis bi topp ci sa bisu yëgle. Ngir am yeneeni leeral ci coppite yiy am ci system asil bi, yëral fii: https://www.refugeecouncil.org.uk/latest/news/changes-to-home-office-asylum-resettlement-policy-and-practice-in-response-to-covid-19/

Translated by: TRANSBLESS Medical & Legal Language Services

In association with BritishRedCross

Kan la feebaru coronavirus gëna mëna dàll

Coronavirus mën naa indil feebar bu metti nit ku nekk, waaye dafa am ay nit yi nga xamantane ñoom la gëna gaawa mëna dàl.

Ci misaal, mën nga nekk ci risk bu gëna mag ngir am coronavirus sudee:

- dañoo dugaloon ci sa yaram ab orgaan
- da nga am ay xeeti kanseer yi ngay faj
- da nga am kaaseer ci sa déreet wala ci say yàq, melni luñuy woowee leucémie
- da nga am feebaru xëër bu metti, lu demee ni fibrose kristique wala aasma
- da nga nekk ci anam biy tax nga gëna mëna am ay infection
- da ngay jël ay garab yuy neewal doole sa sistem iminiteer
- da nga ëmb te am mettit dënn bu tàr

Soo jàppee ni da nga nekk ci yooyu xeetu risk te jotu ab bataaxal bu bawoo ci kuréel giy toppatoo sa wergu-yaramIf fii ak Dibéer 29 Màrs 2020 wala sa GP (doktoor) jokkoowul ak yaw, da nga wara waxtaanee li la jaaxal ak sa GP (doktoor) wala lopitaalu kilinik bi. Sudee amuloo ab GP, jokkool ak DOTW UK ngir am ndimbal: **0808 1647 686** (lii nimero bi nga mëna woote la te doo ci fay) wala nga yonnee m-bataaxal cil clinic@doctorsoftheworld.org.uk

Nan nga mëna àaree sa bopp soo nekkee ci risk yu jeggi dayo

Soo nekkee ci risk yu jeggi dayo ngir am feebaru coronavirus, am na yeneeni mbir yi nga wara def ngir bañ ko am.

Bokk na ci:

- baña génn sa kër – waru loo génn ngir defi ay shopping, jëli garab wala tàggat sa yaram
- soriwantel gën gaa neew 2 meetar (3 tànk) ak yeneen nit yi nekk seen kër su mënee nekk

Ñaanal say xarit, sa waa kër wala say dëkkëndoo ñu defal la say shopping te jëndël la say. Wax leen ñu tek leen ci sa buntu kër.

Soo soxlaa ku lay dimbali ngir ñu indil la mbir yi nga soxla yu demeeni lékk, mën nga **bindu ngir jot ndimbal ci coronavirus** .

Noo ngi lay digël bu baax nga took sa kër ci waxtu yépp ngir moytu jokkoob jakkarloo ci diiru 12 gën gaa neew bawoo ci bis bi nga jotee sa bataaxal.

Rjàngal digle bu màtt bii lay won nan ngay def ngir àar sa bopp sudee da nekk ci risk bu mag ci coronavirus on GOV.UK

Translated by: TRANSBLESS Medical & Legal Language Services

In association with BritishRedCross

DOCTORS OF THE WORLD

Gindikaay sorante buñu jagleel kër yi nga xàmantane mën nañ am infection coronavirus

Bul dem ci liggéeyukaay bi, lekool bi, fajkat bi, farmasi bi wala ci lopitaal bi	Jëfandikoo leen ay wanag yu wuute, wala nga raxas laata nga koy jëfandikoo	Moytul di laalante ak yeneen nit
Laajal ñu indil la sa lékk ak say garab	Bul dalal benn gàn	Tëdël yaw doŋg, su mënee nekk
		
Deel faral di raxas say yoxo	Naanal ndox mu bari	Jëlal paracetamol ngir mu jàppale la ci say màndaga

Ngir am ci yeneeni leeral yëral: https://www.gov.uk/government/publications/covid-19-stay-at-home-guidance

Translated by: TRANSBLESS Medical & Legal Language Services

In association with BritishRedCross

Ñaata fan lañu wara took ngir topp digley sorante gi?

- Képp ku gis ay mandarga dafa wara sorante ak nit ñi ci kër gi diirup gën gaa neew 7 fan.
- Sude da nga dëkk ay yeneen nit, dañoo wara took ci kër gi te ñu bér leen gën gaa neew ci diirup 14 fan, ngir moytu infection bi làw ba genn ci biti.
- Waaye, su amee kenn ci waa kër gi ku gis ay màndarga, dafa wara des ci kër gi te ñu bér ko ci diirup 7 fan bawoo ci bis bimu tàmbalee gis màndarga yi. Donte loolu dafay tekki ni nekk nañu ci kër lu ëpp 14 fan.
- Soo dëkkee ak kenn ku am 70 at wala luko ëpp, bu am ab weradi bu yàgg, mu ëmb wala wala sistem iminiteeram neew doole, jéemal seet feneen foo ko mëna dugal ngir mu took fa 14 fan.
- Soo leen naree bokk nekk ci kër gi, fexe leen ba soriwante soo leen ko mënee.

Kañ laay wara woo NHS 111?

- da nga feebar lool ba mënuloo def li nga daan faral di def, melni seetaan Tele, jëfandikoo sa telefon, jàng wala wàcc ci làl bi
- nga yëg ni mënu loo dëkku say màndarga ci kër gi
- sa wergu-yaram gën a nasax
- say mandarga nekku ñu di tànné bu 7 fan weesoo

Nan laay def ngir jokkook NHS 111?

Mën nga jëfandikoo **sàrwiisu coronavirus NHS 111 bi ci net bi** ngir xool lan moo ci topp. Soo mënul dugg ci sàrwiisi net yi mën nga woote ci 111 (nimero bii amul fay). Mën nga laaj ab firikat ci sa làkk.

Lan mooy xew suma amee luma jaaxal ci sama nekkiinu imigéré?

Sàrwiisi NHS ngir coronavirus yépp laaju kenn ad payoor donte da nga nekk ab imigéré ci réewu UK. Lii bokk na ci ab test wala pajum coronavirus, donte resiltaa yi dañoo negatif. Xamal nañu lopitalu NHS ni xoolu ñu benn keyitu imigéré niki niñ ko sàkkoo ci nit yuñuy defal test ngir pajum coronavirus.

Lan laa mëna def ngir coronavirus baña làw?

- Deel faral raxas say loxo ay yoon, di jëfandikoo saabu ak ndox, ci diiru 20 saa gën gaa neew
- Toppal digle yuñu joxe ci wàllum took ci kër gi

Dtektal bii mu àju ci tektal wergu-yaram ak leeralu NHS te am tektal la buñuy jox ñépp ñu nekk ci UK, ak réew bumu mëna cosaanoo. Ngir am ci yeneeni leeral:

- Gindikaayu NHS: **https://www.nhs.uk/conditions/coronavirus-covid-19/**
- Gindikaayu OMS: **https://www.who.int/news-room/q-a-detail/q-a-coronaviruses**

Sumb 3 [24.03.2020]

Version 3 [24.03.2020]

Translated by: TRANSBLESS Medical & Legal Language Services